**दिन– गुरूवार** **दिनांक–15.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहलनि अछि जे ऑपरेशन सिंदूर आतंकवादक विरूद्ध भारत द्वारा चलाओल गेल सभ सँ पैघ कार्रवाई अछि। आइ श्रीनगर मे जवान लोकनि के संबोधित करैत श्री सिंह कहलनि जे भारत संपूर्ण दूनियाक सोझा स्पष्ट कऽ देलक जे आतंकी घटना कोनहु हाल मे स्वीकार नहि कयल जायत। ओ कहलनि जे भारत आतंकवादक विरूद्ध कोनो हद धरि जा सकैत अछि। रक्षामंत्री कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूरक क्रम मे भारतीय सैन्य बल जाहि साहस आ शौर्यक प्रदर्शन कयलक ओ अतुलनीय थिक।

---

केन्द्रीय उपभोक्ता संरक्षण प्राधिकरण पाकिस्तानी झंडा आ ओहि सँ जुड़ल समानक बिक्री पर अमेजन इंडिया, फिलपकार्ड, यूबाय इंडिया ईटीसी, फ्लैग कंपनी आ फ्लैग कॉरपोरेशन के नोटिस जारी कयलक अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे केन्द्रीय उपभोक्ता मामिलाक मंत्री प्रह्लाद जोशी कहलनि जे एहि प्रकारक असंवेदनशीलता बर्दास्त नहि कयल जायत। ओ कहलनि जे ई–कॉमर्स प्लेटफॉर्म के तुरंत एहेन सभ समाग्री हटेबाक आ राष्ट्रीय कानून के पालन करबाक निर्देश देल गेल अछि।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी आइ जिला प्रशासनक अनुमतिक बिना दरभंगाक अंबेडकर छात्रावास पहुचलाह। राहुल गांधीक शिक्षा न्याय संवाद कार्यक्रमक अंतर्गत छात्र लोकनि संग बातचीतक कार्यक्रम छल, मुदा जिला प्रशासन एकर अनुमति नहि देने छल। ओ छात्रावास लऽग बनल मंच सँ छात्र लोकनि के संबोधित कयलनि। श्री गांधी कहलनि जे वर्तमान समय मे छात्र लोकनि संग बर्बर व्यवहार कयल जा रहल अछि। पेपर लीक भऽ रहल अछि आ छात्र के हुनक हक सँ वंचित कयल जा रहल अछि। ओ सही तरीका सँ जातीय जनगणनाक बात दोहरौलनि।

---

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल राहुल गांधीक दरभंगा दौरा के राजनीति सँ प्रेरित जनौलनि अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि के ओ कहलनि जे राहुल गांधी के ई जवाब देबाक चाही जे कांग्रेस अपन शासनकाल मे दलित लोकनि लेल की कयलक। ओतहि, जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय कुमार झा कहलनि जे राहुल गांधी के दरभंगा टाउन हॉल मे कार्यक्रम लेल जगह आवंटित कयल गेल छल मुदा ओ नियम के विपरीत छात्रावास लऽग कार्यक्रम कयलनि। राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा राहुल गांधीक यात्रा पर कहलनि जे बिहार मे चुनाव के देखैत नेता लोकनिक आवाजाही लागल रहत। एकरा गंभीरता सँ लेबाक आवश्यकता नहि अछि।

———————————————————————

शिक्षा विभाग शिक्षक लोकनिक वेतन समय पर जारी करबाक निर्देश जारी कयलक अछि। विभागक विशेष सचिव सुबोध कुमार चौधरी एहि संबंध मे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी के पत्र जारी कयलनि। पत्र मे कहल गेल अछि जे सभ कोटिक शिक्षकक वेतन भोगतानक बादे जिला स्तरीय पदाधिकारी आ कर्मी लोकनिक वेतन जारी कयल जायत।

———————————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्स आइ सम्पन्न भऽ गेल। पटना कंकडबाग स्थित पाटलिपुत्र खेल परिसर मे आइ सांझ आयोजित रंगारंग समारोहक संग यूथ गेम्सक समापन भेल। समापन समारोह मे केन्द्रीय युवा मामिला आ खेल राज्यमंत्री रक्षा निखिल खडसे, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी समेत कतेको गणमान्य सम्मिलित भेलाह। यूथ गेम्स चारि मई सँ शुरू भेल छल। आइ अंतिम दिन पटना आ राजगीर मे कतेको निर्णायक मोकाबिला खेलल गेल। महाराष्ट्र छप्पन स्वर्ण आ पैंतालीस रजत समेत एक सय उनचास पदक जीत कऽ पदक तालिका मे पहिल स्थान पर रहल। हरियाणा एक सय आठ पदक के संग शानदार वापसी करैत पैंतीस स्वर्ण आ सत्ताईस रजत जीत कऽ दोसर स्थान पर रहल। जखनकि राजस्थान बाईस स्वर्ण सहित पचपन पदक के संग तेसर स्थान पर अछि। बिहारक टीम खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे एखन धरिक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन करैत कुल छत्तीस पदक जीतलक। एहि मे सात स्वर्ण, एगारह रजत आ अठारह कांस्य पदक सम्मिलित अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे भीषण गर्मीक कारण जन–जीवन प्रभावित भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार शेखपुरा मे आइ लू चलबाक स्थिति बनल रहल। ओतहि, सीतामढ़ी, दरभंगा, वैशाली आ पटना समेत प्रदेशक उत्तर– पश्चिम, उत्तर–मध्य आ दक्षिणी क्षेत्र मे गर्म

दिवसक स्थिति बनल रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन दिन धरि तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। एकर बाद तापमान मे कमी हेबाक संभावना अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे तैतालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग रोहतास जिलाक डेहरी आइ दोसर दिन सेहो प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।

सर्वोच्च न्यायालय– वक्फ अधिनियम

सर्वोच्च न्यायालय कहलक अछि जे ओ बीस मई के वक्फ संशोधन अधिनियम दू हजार पच्चीसक वैधता के चुनौती देबयवला याचिकाक अंतरिम राहत पर विचार करत। प्रधान न्यायाधीश बीआर गवईक अध्यक्षतावला पीठ वरिष्ठ अधिवक्ता कपिल सिब्बल आ सॉलिसिटर जनरल तुषार मेहता के उन्नैस मई धरि अपन लिखित नोट दाखिल करबाक निर्देश देलक। श्री सिब्बल कानूनक वैधताक चुनौती देबयवला याचिकाकर्ताक अधिवक्ता छथि जखनकि, सॉलिसिटर जनरल तुषार मेहता एहि मामिला मे केन्द्रीय पक्ष राखि रहल छथि। पीठ कहलक जे जखन बीस मई के मामिलाक सुनवाई कयल जायत, तखन ओ कोनहु एहन याचिका पर विचार नहि करत, जाहि मे उन्नैस सय पंचानवेक पर्व वक्फ कानूनक प्रावधान पर स्थगनक मांग कयल गेल हो।

लाल／रजनीकान्त –15.05.2025 पूल